

The New York City Department of Education

Sondaj Paran/Responsab pou idantifikasyon lang elèv la pale lakay li

Chè Paran oswa Responsab,

Pou nou ka bay pitit ou a pi bon edikasyon posib la, nou bezwen konnen kòman li konprann, pale, li ak ekri Anglè. Pou nou ka kenbe w enfòm, nou ta renmen konnen nan ki lang ou ta pi pito resevwa enfòmasyon ki soti nan lekòl la. Nou apresye èd ou anpil lè w reponn kesyon pi ba yo.

Mèsi.

PATI 1. ELIJIBLITE NYSITELL Y ap itilize enfòmasyon ou bay pi ba a ansanm avèk lòt enfòmasyon pou yo wè ki lang pitit ou a pale lakay li ak pou yo si li elijib pou egzamen idantifikasyon lang Eta Nouyòk la (NYSITELL). Tcheke (v) kazye ki konsène elèv la. Si se yon lòt lang yo itilize, tanpri presize.

1. Ki lang timoun lan <u>konprann</u> ?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____
2. Ki lang timoun lan <u>pale</u> ?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____
3. Ki lang timoun lan <u>li</u> ?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____ <input type="checkbox"/> Li pa konn li
4. Ki lang timoun lan <u>ekri</u> ?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____ <input type="checkbox"/> Li pa konn ekri
5. Ki lang yo pale <u>pi souvan</u> lakay timoun lan?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____
6. Ki lang timoun lan pale <u>pi souvan</u> avèk paran l /responsab li?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____
7. Ki lang timoun lan pale <u>pi souvan</u> avèk frè, sè oswa zanmi li?
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____
8. Ki lang timoun lan pale <u>pi souvan</u> avèk lòt paran oswa avèk moun k ap okipe l (paegzanp, babysitters)
<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espesifye lòt lang: _____

PATI 2. ENFÒMASYON SOU EDIKASYON ELÈV LA TE GEN AVAN Y ap itilize repons kesyon sa yo pou planifye enstriksyon pou elèv la. Mete enfòmasyon pi ba a pou chak kesyon ki konsène pitit ou a.

1. Èske se premye fwa timoun lan ale lekòl nan peyi Etazini? Si NON, reponn kesyon pi ba yo: <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
• Ki kote pitit ou a te ale lekòl?
• Pandan konbyen tan li te ale lekòl kote a?
o Konbyen èdtan chak jou?
o Pandan konbyen ane li te ale lekòl?
• Ki lang yo te itilize pou anseye?
• Eske te gen yon moman ke pitit ou a pa t ale lekòl pandan yon peryòd pwolonje? Si w reponn wi, deki pwoblèm lan.
2. Èske timoun lan te ale lekòl nan <u>yon lòt peyi</u> ? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si Wi, reponn kesyon pi ba a:
• Ki kote pitit ou a te ale lekòl?
• Pandan konbyen tan li te ale lekòl kote a?
• Ki lang yo te itilize pou anseye?
3. Èske timoun lan te patisipe nan yon eksperyans angwoup avan li te rantre lekòl (paegzanp, gadri, lekòl preskolè)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si Wi, ki lang yo te itilize? _____
4. Èske timoun lan itilize okenn lòt mwayen pou kominike, tankou Lang an siy ameriken <i>American Sign Language</i> (ASL) oswa ekipman pou amelyore kominikasyon <i>Augmentative Communication Device</i> (ACD) (tankou, Kat pou kominike <i>Communication Board-manual/elektwonik</i>) <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si WI, espesifye: _____

PATI 3. ENFÒMASYON PARAN N ap itilize repons pou rès kesyon sa yo pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New Y ka kominike avèk ou nan lang ou vle.

1. Nan ki lang ou ta renmen lekòl la voye enfòmasyon alekri yo ba w?
2. Nan ki lang ou ta pito pale avèk anplwaye lekòl la?

Siyati Paran/Responsab _____

Dat _____